



Gid Revni

Fason pou Aplike pou Lojman Bon Mache:

Gid Revni pou Aplikan an



ENFÒMASYON SOU GID SA A

Revni ou se yon pati enpòtan nan aplikasyon ou pou lojman bon mache.

Gid sa a ap montre ou kijan nou kalkile revni ou pou lojman bon mache.

Se pa yon aplikasyon pou lojman. Li p ap di ou si w ap jwenn yon apatman. Men li kapab ede ou pou ba ou repons egzat konsènan revni ou.

Si nou envite ou nan **yonrandevou pou konfime kalifikasyon ou**, ou pral bezwen pote dokiman pou konfime tout enfòmasyon ki sou aplikasyon ou a.

W ap jwenn eksplikasyon pou mo ki an **karaktè gra italik** yo nan paj 10, "Tèm Itil."

ANDEDAN:

KISA REVNI YE?	2
KISA REVNI GEN LADAN?	3
REVNI NAN TRAVAY	4
REVNI NAN TRAVAY ENDEPANDAN	5
REVNI NAN LÒT SOUS	7
REVNI KI PA LADAN	8
KESYON MOUN POZE SOUVAN	9
TÈM ITIL	10

Avètisman: Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon jeneral sèlman. Sa ki nan dokiman an baze sou Manyèl HUD konsènan Okipasyon 4350.3 ak Gid HPD ak HDC pou Maketing. Egzanp revni yo pa dekri tout sityasyon finansye yo.

Kisa Revni ye?

Èske ou resevwa lajan nan...

- Yon djòb, oswa plis pase yon djòb?
- W ap travay pou tèt ou?
Egzanp: Chofè taksi, kwafè, atis endepandan
- Lòt sous, sou yon **baz regilye**?
Egzanp: Sipò timoun, avantaj pou chomaj, revni sekirite siplemantè (supplemental security income, SSI), pansyon

Lajan sa a se **revni** ou. W ap bezwen konnen ki kantite lajan revni ou resevwa pou ou kapab aplike pou **lojman bon mache**.

ETAP POU KALKILE REVNI:

1 Idantifye tout sous revni ou yo.



Revni nan **travay** (paj 4)



Revni nan **travay endepandan** (paj 5)



Revni nan **lòt sous** (paj 7)

2 Konvèti salè an total anyèl.*



Salè pa èdtan nan yon travay anvan taks ak lòt dediksyon yo pran



Revni anvan dediksyon ki nan yon souch chèk peman (yo peye chak semèn, chak de semèn, elatriye)

Ou ta dwe kalkile lajan ou touche nan travay endepandan kòm **revni NÈ, ki se kantite lajan apre depans ou fè pou biznis lan ak lòt depans ou retire.*

3 Ajoute revni nan tout sous yo ansanm pou jwenn total ou.

Gen kèk diferan fason ou ta ka resevwa revni.

Men kèk egzanp:

- Yon chèk peman chak 2 semèn
- Pouvwa an lajan kach nan chak peryòd travay
- Nenpòt kalite peman ou fè pa semèn oswa pa mwa, tankou sipò timoun, pansyon, oswa avantaj pou chomaj
- Bonis jou ferye chak ane

Yo ta ka rele revni anpil diferan bagay.

Men kèk egzanp:

- Salè
- Salè pa èdtan
- Salè
- Peman yo

Tout lajan sa a **revni**. Ou pral bezwen mete li nan aplikasyon pou lojman ki pa chè ou a. Si ou ale nan yon randevou pou konfime kalifikasyon ou pou lojman ki pa chè, ou pral bezwen pote dokiman pou konfime revni ou.

SONJE

Toupatou nan gid sa a, w ap jwenn plis enfòmasyon sou mo ki an **karaktè gra italik yo** nan paj 10, "Tèm Itil."

KISA REVNI GEN LADAN?

Kisa Revni gen Ladan?

Gen 3 kalite revni prensipal nan aplikasyon pou lojman bon mache.

1. REVNI NAN TRAVAY




Lajan yon patwon peye ou. Sa gen ladan poubwa, bonis, travay siplemantè, ak lòt kalite peman. Si ou resevwa yon fòm taks W-2, lajan sa a se **revni nan travay**.

Nan aplikasyon an, mete kantite lajan anvan taks oswa lòt lajan yo retire nan revni ou (**revni anvan dediksyon**).

Pa egzanp:

- Salè anyèl
- Salè pa èdtan, ansanm ak lajan kach ou touche sou yon **baz regilye**
Egzanp: Chak semèn • Chak 2 semèn • De fwa pa mwa • Pa Mwa
- **Travay okazyonèl oswa** tanzantan pou yon patwon
Egzanp: Djòb nan jou wikenn pou yon konpayi restoran • Djòb swen sante pou touche pèdyèm (pa jou) pou yon lopital oswa yon ajans
- Travay sezonye
Pa egzanp: travay nan magazen detayan pandan seon fèt, travay pandan peryòd lete pou yon konpayi k ap fè twa kay
- Poubwa
- Peman vakans
- Travay siplemantè
- Bonis ak komisyon ou resevwa sou yon baz regilye

2. REVNI NAN TRAVAY ENDEPANDAN




Tout lajan ou resevwa nan yon ane nan travay poutèt ou, nan travay endepandan, oswa lè ou se yon antreprenè endepandan.

Nan aplikasyon an, mete kantite lajan an apre ou retire depans ou fè pou biznis lan ak lòt dediksyon yo (**revni nèt**).

Pa egzanp:

- "Revni (oswa pèt) nan biznis" sou fòm deklarasyon tas sou revni ou
- Revni nan posèsyon biznis pa ou
- Travay endepandan
Egzanp: Ekriven oswa atis kliyan yo peye dirèkteman
- Lè ou se yon antreprenè oswa konsiltan endepandan
- Lè ou se yon founisè sèvis endepandan
Egzanp: Chofè taksi ki posede/lwe machin taksi a • Kwafè ki lwe espas nan yon salon kwafi
- Travay sezonye oswa okazyonèl pou tèt ou
Pa egzanp: travay nan magazen detayan pandan seon fèt, travay pandan peryòd lete pou yon konpayi k ap fè twa kay

3. REVNI NAN Lòt SOUS



Tout lajan ou resevwa nan yon ane yo peye ou sou yon baz regilye, men pa nan travay. Pa egzanp: peman sipò timoun, sekirite sosyal, asirans chomaj, oswa enterè.

Nan aplikasyon an, mete revni ou resevwa nan lòt sous yo sèlman si ou resevwa li sou yon **baz regilye** (pa semèn, pa mwa, pa ane, elatriye).

Pa egzanp:

- Pansyon Alimantè
- Peman Anwite
- Rezèv Fòs Lame
- Sipò Timoun
- Dividann
- Asirans pou Andikap
- **Revni nan Kado**
- **Enterè nan Byen**
- Pansyon
- Èd Piblik (Public Assistance, PA)
- Revni sou Pwopriyete Lokasyon
- Sekirite Sosyal oswa SSI
- Avantaj pou Chomaj
- Èd nan Asistans Piblik
- Konpansasyon Travayè

REVNI NAN TRAVAY

1. Revni nan Travay



Revni nan travay se lajan ou touche nan yon djòb. Se sa yon patwon peye ou, anvan taks oswa anvan lòt dediksyon li retire nan revni ou (**revni brit**). Nan aplikasyon ou, mete kantite lajan pou yon ane okonplè (**revni anyèl**). Pou konnen kijan pou ajoute revni nan sa posèsyon biznis pa ou, ale nan paj 5, "Revni nan Travay Endepandan."

Èske oumenm, oswa nenpòt moun w ap viv avèk yo, touche revni nan...?

- ☐ Yon salè anyèl
- ☐ Salè pa èdtan, pa jou, oswa pa semèn
- ☐ Touche an lajan kach
- ☐ Poubwa
- ☐ **Travay okazyonèl oswa travay tanzantan** pou yon patwon
Egzanp: Travay pou yon konpayi restoran • Djòb swen sante pou touche pèdyèm (pa jou) pou yon lopital oswa yon ajans
- ☐ Travay sezonye
Egzanp: Detay pandan sezon fèt • Travay pandan vakans lete pou yon konpayi twati kay
- ☐ Peman vakans, travay siplemantè, bonis, oswa komisyon



Sous sa yo se sous **revni nan travay**. Si ou di wi pou nenpòt nan sous sa yo, mete kantite lajan yo nan pati aplikasyon ou ki rele "Revni nan Travay".

FASON POU KALKILE REVNI ANYÈL

Li enpòtan pou ajoute tout revni ou nan yon total sou yon ane, oswa anyèl. Si ou touche regilyèman (tankou pa semèn, chak 2 semèn, de fwa pa mwa, elatriye), ou dwe fè etap enpòtan sa yo pou kalkile revni anyèl ou.

Nòt: Si ou aplike sou entènèt nan NYC Housing Connect, ou pa bezwen fè kalkil sa a. Kalkil la fèt otomatikman pandan w ap mete enfòmasyon sou revni an nan pwofil ou.



Chwa 1: Konvèti salè pa èdtan an revni anyèl:

\$ ou touche pou 1 èdtan

èdtan ou travay anjeneral nan 1 semèn

X # semèn ou travay anjeneral nan 1 ane

= revni anyèl

Chwa 2: Konvèti salè ou touche pa èdtan sou yon baz regilye an revni anyèl.

Konbyen fwa ou touche?



➤ **Chak semèn:**

\$ ou touche chak semèn x 52 = revni anyèl

➤ **Chak 2 semèn:**

\$ ou touche chak 2 semèn x 26 = revni anyèl

➤ **De fwa pa mwa:**

\$ ou touche de fwa pa mwa x 24 = revni anyèl

➤ **Yon fwa pa mwa:**

\$ ou touche chak mwa x 12 = revni anyèl

SONJE

Revni nan travay ou ta dwe se revni anvan taks ak lòt lajan oswa dediksyon yo retire ladan. (Sa rele **revni anvan dediksyon**). Ou dwe mete revni anvan dediksyon pou chak patwon pou tout ane a.

REVNI NAN TRAVAY ENDEPANDAN

2. Revni nan Travay Endepandan



Revni ou resevwa nan travay endepandan se tout lajan ou touche nan yon ane nan travay pou tèt ou, nan travay endepandan, oswa lè ou se yon antreprenè endepandan. Nan aplikasyon ou, mete kantite lajan pou tout ane a, mwens depans ou fè pou biznis lan (**revni nè**). Si ou pa touche menm kantite lajan an chak ane, epitou ale nan pa apre a, "Fason pou Estime Revni Anyèl nan Travay Endepandan."

Èske oumenm, oswa nenpòt moun w ap viv avèk yo...?

- ❑ Resevwa fòm taks 1099
- ❑ Posede biznis pa ou
- ❑ Travay kòm yon founisè sèvis endepandan
Egzanp: Chofè taksi ki posede/lwe machin taksi a
 - Kwafè ki lwe espas nan yon salon kwafi
- ❑ Fè travay endepandan
Egzanp: Atis, ekriven, oswa konseptè grafik kliyan yo peye dirèkteman
- ❑ Travay kòm yon konsiltan oswa kòm yon antreprenè endepandan
Egzanp ki anba la a
- ❑ Travay pou tèt ou sou yon baz okazyonèl oswa sezonye?
Egzanp: Moun ki fè netwayaj kay epi mèt kay la peye yo dirèkteman • Bebisitè fanmi peye dirèkteman • Dirije biznis restoran ou poukont ou nan vakans lete



Sous sa yo se sous Si ou te di wi pou nenpòt nan sa yo **revni nan travay**, antre "oumenm" nan pati patwon aplikasyon an epi rapòte kantite lajan revni nè a.

FASON POU KALKILE REVNI NÈ NAN TRAVAY ENDEPANDAN

1. Kòmanse avèk kantite lajan total ki antre nan biznis ou chak ane. (Sou fòm taks 1099, sa se "resi brit yo.")
2. Soustrè depans ou fè pou biznis lan ak nenpòt lòt dediksyon.
3. Sa se **revni nè ou nan travay endepandan**.



Kisa yon antreprenè endepandan ye?

Yon **antreprenè endepandan** se yon moun lòt moun anboche pou fè yon sèten kalite djòb lè li nesese. Anjeneral, antreprenè a ak moun ki anboche li a gen yon akò oswa yon kontra.

Egzanp: Nicole Pent lan

Nicole se yon pent epi li travay kòm yon **antreprenè endepandan**. Li gen tout penso pa li, nechèl pa li, ak lòt materyèl pa li, epi moun anboche li pou pentire apatman yo. Anvan li kòmanse yon pwojè penti pou nenpòt moun, yo dakò sou kantite lajan y ap peye li pa èdtan epi yo siyen yon akò. Lè Nicole fin pentire apatman an, li di moun ki kantite èdtan li te travay, epi moun nan ekri yon chèk pou li, oswa moun nan ba li lajan kach.

SONJE

Nan aplikasyon an, kantite lajan revni nan travay endepandan ta dwe **apre** depans ou fè pou biznis lan ak lòt depans ou fè yo. Sa rele **revni nè**.

FASON POU ESTIME REVNI ANYÈL NAN TRAVAY ENDEPANDAN

Ou ta ka pa fè menm kantite lajan egzat la nan travay endepandan ou chak ane. Pa gen pwoblèm. Itilize etap sa yo pou estime revni anyèl ou nan travay endepandan ou.

1. W ap bezwen 3 dènye ane deklarasyon taks sou revni ou youn-apre-lòt pou kalite travay endepandan sa a.
 - Si ou pa gen enfòmasyon pou 3 zan, itilize 2 dènye ane yo youn-apre-lòt.
2. Gade kantite lajan pwofi nè a sou fòm deklarasyon taks sou revni.
 - Nan yon fòm deklarasyon taks sou revni, gade liy 12, "Revni (oswa pèt) nan biznis."
 - Sou yon fòm Anèks C, gade liy 31, "Pwofi nè (oswa pèt)."
3. Èske ou panse w ap fè apeprè menm kantite lajan an ane sa a jan ou te fè nan ane anvan yo? Si ou reponn wi, kalkile mwayèn nan, epi mete kantite lajan an nan aplikasyon an. (Gade anba la a pou jwenn fason pou kalkile mwayèn nan)
4. Èske ou espere kantite lajan ane sa a ap diferan avèk ane anvan yo? Si ou reponn wi, mete kantite lajan ou espere fè ane sa a.
5. Si ou te pèdi lajan yon ane, itilize \$0.00 pou ane a. Pa itilize yon chif negatif. Gade "Enfòmasyon sou Mwayèn yo" anba la a pou jwenn plis enfòmasyon.
6. Asire ou gen dokiman yo pou montre kantite lajan ou te fè nan ane anvan an (tankou fòm deklarasyon taks sou revni) ak revni ou panse ou pral fè ane sa a (tankou yon lèt kontab ou oswa manadjè biznis ou, etadkont finansye yo, bidjè yo, resi yo, oswa lòt enfòmasyon).

Egzanp: Restoran David



David travay pou gouvènman an pandan semèn nan, men depi kèk ane li te kòmanse yon biznis restoran nan wikenn vakans lete yo pou fè yon ti lajan anplis. Biznis lan ap grandi.

Chak ane, biznis David fè yon ti lajan anplis pase ane anvan an:

- Depi 3 zan, biznis lan te fè \$5,000 dola.
- Depi 2 zan, li te fè \$7,000 dola.
- Ane pase, li te fè \$9,000 dola.

Dapre tandans 3 dènye ane yo, David espere fè \$11,000 dola ane sa a nan restoran an. Li ta dwe mete \$11,000 dola nan aplikasyon kote l ap antre revni li nan travay endepandan. Sa se yon diplis sou salè li touche nan djòb li nan gouvènman an.



ENFÒMASYON SOU MWAYÈN YO

Si ou panse ane sa a ou pral fè apeprè menm kantite lajan jan ou te fè nan 3 dènye ane yo, kalkile mwayèn ane yo epi antre li nan aplikasyon ou.

Men kijan:



1. Kalkile kantite lajan pwofi nè nan fòm deklarasyon taks sou revni ou nan 2 oswa 3 dènye ane yo youn-apre-lòt.
2. Adisyon tout kantite lajan sa yo.
 - Èske nenpòt nan kantite lajan negatif (Egzanp: \$ - 924.00)? Si ou reponn wi, itilize \$0.00 pou ane a pito.



3. Divize chif sa a pa kantite lajan revni ou te kòmanse a.
 - Si ou te gen kantite lajan nan 3 zan, divize kantite a pa 3 pou jwenn mwayèn nan.
 - Si ou te gen kantite lajan nan 2 zan, divize kantite a pa 2 pou jwenn mwayèn nan.
4. Antre mwayèn sa a nan pati "Revni nan Travay Endepandan" aplikasyon ou.

3. Revni nan Lòt Sous



Oumenm oswa moun w ap viv avèk yo ka gen revni ki pa soti nan yon djòb oswa nan yon travay endepandan. Si ou resevwa **revni sa a nan lòt** sous sou yon **baz regilye**, ou dwe mete li nan aplikasyon ou tou.

Èske oumenm, oswa nenpòt moun w ap viv avèk yo, resevwa revni sou yon baz regilye nan...?

Nòt: Mete revni nan timoun ki poko gen laj 18 tan.

- | | |
|--|--|
| ☐ Pansyon Alimantè | ☐ Enterè nan Byen (tankou kont labank oswa lòt envestisman)
➤ Plis detay nan paj 10, "Tèm Itil" |
| ☐ Peman Anwite | ☐ Pansyon |
| ☐ Rezèv Fòs Lame | ☐ Èd Piblik (PA)** |
| ☐ Sipò Timoun* | ☐ Pwopriyete pou Lwe
➤ Itilize revni <u>nè</u> nan pwopriyete pou lwe |
| ☐ Asirans pou Andikap | ☐ Sekirite Sosyal oswa SSI
➤ Itilize tout kantite lajan an pou chak mwa, <u>anvan</u> dediksyon yo |
| ☐ Distribisyon | ☐ Avantaj pou Chomaj |
| ☐ Dividann | ☐ Konpansasyon Travayè |
| ☐ Kado
➤ Egzanp yo nan paj apre a | |



Sa yo se egzanp **revni nan lòt sous**. Si ou di "wi" pou nenpòt nan sous sa yo, mete kantite lajan yo nan pati aplikasyon ou ki rele "Revni nan Lòt Sous".

SONJE

- Mete **revni nan lòt sous** yo sèlman si ou resevwa li sou yon **baz regilye** (tankou pa semèn, chak de semèn, pa mwa, oswa chak ane). Pa mete **peman ou resevwa yo yon sèl fwa**.

- Nan aplikasyon an, mete kantite lajan ou ta resevwa nan yon ane okonplè nan chak sous. Fè sa menm si ou pa resevwa peman pou yon ane okonplè.

Pa egzanp: Ou resevwa peman pou chomaj chak semèn, men ou konnen peman yo pral fini nan kèk mwa. Mete kantite lajan total ou ta resevwa nan yon ane si peman yo pa te pral fini. Ale nan paj 4 pou aprann kijan pou kalkile revni anyèl nan peman regilye yo.



* Èske ou resevwa sipò timoun dapre lòd tribinal ak èd piblik (PA)? Sonje pou mete tout kantite lajan sipò timoun ou touche a. Pa egzanp, si ou resevwa peman "ki verifye", tout kantite lajan sipò timoun ou touche a kapab diferan avèk sa ou resevwa a chak mwa.

** N ap kalkile revni èd piblik ou dapre règ pou lokalite "jan yo peye ou". Si ou ale nan yon randevou pou konfime kalifikasyon ou, devlopè a oswa ajan maketing nan pral gade tout dokimantasyon ou pou fè kalkil sa a.

Kisa revni nan kado ye?

Si moun ou p ap viv avèk li yo ba ou lajan oswa ede ou peye bòdwo ou yo sou yon **baz regilye**, sa a se **revni nan kado**. Ou dwe mete li nan kalkil revni ou.




Egzanp:

- Paran ou yo peye bòdwo elektrik ou chak mwa, epi mwayèn nan se apeprè \$100 dola pa mwa. Ou dwe mete \$100 dola pa mwa nan revni ou sou aplikasyon ou.
- Yon zanmi oswa yon manm fanmi ba ou \$20 dola an lajan kach chak semèn pou ede ou avèk depans ou yo. Ou dwe mete \$20 dola pa semèn nan revni ou sou aplikasyon ou.

Si nou envite ou nan yon randevou pou konfime kalifikasyon ou, ou pral bezwen dokiman pou pwouve moun te fè ou kado revni regilyèman. Pa egzanp, asire ou depoze peman an lajan kach yo touswit nan kont labank ou yon fason pou etadkont labank ou kapab montre ou touche regilyèman. Ou kapab pwouve yon lòt moun peye bòdwo yo pou ou avèk kopi chèk anile li yo.

Nòt: Sa ki endike anba la yo pa revni nan kado epi ou pa ta dwe mete yo nan kalkil revni ou: (1) kado manje angwo pou timoun ki lakay ou, (2) valè repa midi lekòl ki gratis oswa pou pri redui, oswa (3) valè repa yo bay pou granmoun aje oswa pou moun ki nan neseseite.

Revni Ki Pa Ladan



Gen kèk eksepsyon nan sa nou konsidere kòm revni:

- Revni nan travay pou timoun ki poko gen laj 18 tan
- Nenpòt revni ki depase \$480 dola yon **elèv** depandan atanplen ki gen plis pase laj 18 tan touche
- Peman an yon sèl vèsman
Egzanp: Dedomajman asirans • Eritaj
- Revni yon sèl fwa, ki pa regilye, oswa tanzantan (tankou **kado yon sèl fwa**)
- Peman oswa ranbousman pou depans medikal
- Peman pou pran swen timoun ki nan fanmi plasman
- Èd pou elèv yo peye elèv oswa enstitisyon edikasyonèl
- Valè kupon pou achte manje oswa SNAP an dola
- Kado manje angwo pou timoun ki lakay ou
- Valè repa midi lekòl ki gratis oswa pou pri redui
- Valè repa yo bay pou granmoun aje oswa pou moun ki nan neseseite

Pa mete valè sa yo nan kalkil revni ou.

Kesyon Moun Poze Souvan

REVNI NAN TRAVAY

Pou kisa mwen bezwen kalkile *revni anyèl mwen*? Èske mwen kapab senpleman mete sa mwen te fè a ane pase?

Oumenm ak moun w ap viv avèk yo ap **kalifye** dapre kantite lajan w ap fè pivevan. Se yon bon lide pou gade dokiman taks ane pase yo, men sa pa ase. Chak ane diferan. Se rezon sa a ki fè ou dwe antre kantite lajan ou fè nan moman an, ak konbyen fwa ou touche. Se rezon sa a tou ki fè ou dwe mete bonis ou resevwa oswa bonis ou espere resevwa **sou yon baz regilye**, ak **revni ou touche nan lòt sous yo**.

Pitit fi adilt mwen se yon elèv atanplen ki travay apre lekòl. Èske revni li ladan?

Si yon elèv atanplen ki gen plis pase 18 tan se yon moun paran oswa responsab legal yo reklame kòm yon depandan, sèlman \$480 dola **revni li nan travay** endike ladan kòm revni.

Mwen touche an lajan kach. Kijan mwen kapab pwouve sa se revni mwen?

Li enpòtan pou kenbe yon dosye revni lajan kach ou. Chak fwa ou touche an lajan kach, ekri kantite lajan an, dat la, ak kimoun ki peye ou. Kenbe dosye sa a pou peman an lajan kach yo nan yon kote ki pwoteje.

Si ou gen yon kont labank, depoze lajan kach la ladan touswit. Se paske bank lan ap gen yon dosye ki montre ou te touche regilyèman. Pa gen pwoblèm si ou bezwen pran lajan nan labank ankò. Etadkont labank ou ap toujou montre depo a.

Sonje: Si ou fè plis pase yon sèten kantite lajan kach nan revni ou, ou dwe rapòte li tou nan fòm deklarasyon taks sou revni ou. Fòm deklarasyon taks ou yo ap di kisa kantite lajan an ye.

Mwen touche sou yon baz okazyonèl oswa tanzantan. Kijan pou mwen kalkile revni mwen?

Li kapab difisil pou kalkile revni anyèl ou si ou pa touche sou yon **baz regilye**. Travay pou yon konpayi sèvis manje nan kèk wikenn pou fè yon ti lajan anplis, djòb swen sante pou pèdyèm (pa jou), djòb pou yon ti tan, ak travay adaptasyon kapab se egzanp travay okazyonèl oswa travay tanzantan ou fè pou yon patwon.

Èske ou te touche revni sou yon baz okazyonèl oswa tanzantan nan dènye 3 zan yo? Si ou reponn wi, adisyone kantite lajan ou te fè pou tout twazan yo ansanm epi divize li pa 3. Chif sa a se mwayèn revni anyèl ou nan travay sa a. Answit, estime kantite lajan ou pral touche ane sa a nan menm kalite travay la. Konpare chif sa a avèk mwayèn anyèl ou. Kisa ki pi gwo? Itilize pi gwo chif la nan seksyon "Revni nan Travay" aplikasyon ou.

Kisa k ap pase si revni mwen chanje apre mwen fin aplike, epi yo envite mwen nan yon randevou pou konfime kalifikasyon tout moun ki rete nan menm kay avèk mwen?

Kenbe tout dokiman ak dosye ki konfime revni ou kounye a. Si revni ou chanje (pa egzanp, yon nouvo djòb oswa ogmantasyon salè), pote dokiman ki montre kantite lajan ou pral touche pivevan tou. Devlopè oswa ajan maketing nan pral re-kalkile revni ou.

REVNI NAN TRAVAY ENDEPANDAN

Mwen te jwenn yon envitasyon nan yon randevou pou konfime kalifikasyon tout moun ki rete nan menm kay avèk mwen pou lojman ki pa chè. Ki dokiman mwen bezwen pou konfime revni mwen nan travay endepandan?

W ap bezwen konfime kantite lajan ou te fè anvan nan kalite travay sa a, ak kantite lajan ou espere fè ane sa a.

Pou konfime revni ou te touche anvan, pote 3 dènye ane fòm deklarasyon taks ou youn-apre-lòt pou travay

endepandan nan kalite travay sa a. Ou ka pote enfòmasyon nan 2 dènye ane yo youn-apre-lòt si ou pa gen 3.

Pou konfime revni ou espere fè ane sa a, pote yon lèt kontab ou oswa manadjè biznis ou, etadkont finansye ou, bidjè yo, resi yo, oswa lòt enfòmasyon ki sipòte kantite lajan ou espere fè a.

Kisa pou mwen fè si mwen te yon travayè endepandan nan yon sèten kalite travay pandan mwens pase 2 zan?

W ap bezwen dokiman ki montre, depi dat randevou w la, ou t ap travay pou tèt ou nan kalite travay sa a pou 2 lane oswa plis. Si ou pa kapab bay enfòmasyon sa yo nan 2 dènye ane yo youn-apre-lòt, li posib pou ou pa kalifye.

Menmsi ou panse ou ka nan sitiyasyon sa a, ou dwe toujou mete **revni nèt ou touche nan travay endepandan** nan aplikasyon an. Pa kite okenn revni. Mete tout revni. Li kapab pran anpil mwa pou tande nimewo ou soti nan tiraj-osò a, poutèt sa li ka posib pou ou gen 2 lane revni nan travay endepandan nan pwen sa a. Sonje pou pote dokiman nan randevou a ki montre kantite lajan ou te fè deja nan kalite travay endepandan sa a, ak kantite lajan ou pral fè ane sa a.

TÈM ITIL

Tèm Itil

Antreprenè Endepandan (Independent Contractor):

Yon moun oswa biznis lòt moun anboche pou fè yon sèten kalite djòb lè li nesesè. Anjeneral, antreprenè a ak moun ki anboche li a gen yon akò oswa yon kontra.

Baz Regilye/Regilyèman (Regular Basis/Regularly):

Si ou resevwa revni nan nenpòt sous sou yon baz regilye, oswa "regilyèman," sa vle di ou touche nan yon entèval tan ki konsistan oswa ou espere. Revni ou touche chak jou, chak semèn, chak 2 semèn, de fwa pa mwa, yon fwa pa mwa, chak trimès, oswa chak ane se egzanp revni ou touche sou yon baz regilye.

Byen (Assets): Byen se atik ki gen valè ki ka vin lajan kach. Yon kont epay se yon byen an lajan kach. Bank lan peye enterè sou byen an. Enterè a se revni ou touche nan byen an. Lòt egzanp: aksyon, obligasyon, fon komen plasman, kont mache monetè. Gade **Enterè nan Byen**, ki anba la a, pou jwenn plis enfòmasyon.

Elèv (Student): Yon moun ki nan kondisyon elèv atanplen (dapre lekòl moun nan) pandan 5 mwa nan ane sivil la. 5 mwa yo pa bezwen youn-apre-lòt. Se sèlman \$480 dola nan revni yon elèv depandan atanplen nan travay ki fè pati nan kalkil revni nan.

Enterè nan Byen (Interest from Assets): Si ou ale nan yon randevou pou konfime kalifikasyon ou, devlope oswa ajan maketing lan pral kalkile revni ou nan enterè ou fè nan byen tankou kont labank ak lòt. Si tout byen ou yo vo mwens pase \$5,000 dola, enterè yo bay la ajoute sou revni ou. Si tout byen ou yo vo plis pase \$5,000 dola, swa enterè yo bay la oswa 0.06% valè yo ajoute sou revni ou, kèlkeswa kantite lajan ki pi gwo a.

Kalifye/Kalifikasyon (Eligible/Eligibility): Revni ou dwe tonbe ant sèten limit epi li dwe satisfè lòt kondisyon aplikasyon pou kalifye pou lojman bon mache. Kèk nan lòt kondisyon yo se bay dokiman ki pwouve revni ou epi pase tchèk kredi ak tchèk dosye kriminèl. Si oumenm ak moun w ap viv avèk yo a satisfè tout kondisyon yo, ou kalifye.

Lojman Bon Mache (Affordable Housing): Lojman nan Vil New York pou moun ki gen revni ki anba yon sèten kantite lajan. Anjeneral, lojman an rele "bon mache" si yon moun peye jiska apeprè yon tyè revni li pou pri lwaye oswa lojman.

Randevou pou Konfime Kalifikasyon (Appointment to Confirm Eligibility): Apre dat limit aplikasyon, yo mete tout aplikasyon yo nan lòd owaza. Apati anèl lis la, n ap revize aplikasyon yo, epi si aplikan yo sanble kalifye, n ap rele yo pou yon randevou pou kontinye pwosesis evalyasyon an. Si ou resevwa yon envitasyon pou yon randevou, w ap bezwen pote dokiman ki konfime revni ou.

Peman yon Sèl Fwa (One-time Payment): Revni ou pa resevwa yon baz regilye anvan epi ou pa espere resevwa ankò pidevan. Lajan sa a pa fè pati nan kalkil revni an.

Revni anvan Dediksyon (Gross Income): Salè total anyèl ou (chak ane), salè total pa èdtan ou chak ane, peman ou chak ane, oswa lòt lajan ou resevwa nan djòb ak nan lòt sous, anvan yo retire nenpòt taks ladan. Anjeneral, revni sa a pi plis pase sa ou pote lakay ou. Pifò moun ap rapòte revni anvan dediksyon nan aplikasyon yo. Moun ki se travayè endepandan rapòte revni nè nan travay endepandan yo pito.

Revni Anyèl (Annual Income): Kantite lajan ou touche nan yon ane, ki kalkile nan revni anvan dediksyon ou touche nan lòt sous.

Revni nan Kado (Gift Income): Revni ou resevwa sou yon baz regilye nan men yon moun ki p ap viv avèk ou. Pa egzanp: Paran ou yo peye sèvis piblik chak mwa, oswa yon zanmi oswa yon manm fanmi voye yon chèk ba ou pou ede ou achte manje angwo epi pou fè lòt depans sou yon baz regilye. Revni nan kado kapab se lajan kach, men li pa oblije sa.

Revni nan Lòt Sous (Income from Other Sources): Revni ou resevwa sou yon baz regilye ki pa soti nan yon djòb. Pa egzanp, avantaj Sekirite Sosyal oswa avantaj veteran, èd piblik, oswa sipò timoun.

Revni nan Travay Endepandan (Income from Self-Employment): Revni ou touche lè ou travay pou tèt ou, lè ou posede yon biznis, oswa lè ou bay sèvis. Sa gen ladan travay endepandan, kontra endepandan, ak lòt travay sou kòmman. Revni nè sèvi pou revni nan travay endepandan nan aplikasyon an. Si revni nè ou se \$400 dola oswa plis nan yon ane, ou dwe rapòte revni sa a nan aplikasyon ou. *Nòt: si biznis ou se yon sosyete S, revni ou touche nan biznis lan anvan dediksyon ou rapòte nan Anèks K-1 ap sèvi anplis salè ou touche anvan dediksyon ki rapòte nan fòm W-2.*

Revni nan Travay (Income from Employment): Revni pou travay ou fè pou yon patwon (pa pou tèt ou). Revni anvan dediksyon sèvi pou rapòte revni nan travay.

Revni Nè (Net Income): Kantite lajan revni ou resevwa apre ou retire taks, depans, ak lòt dediksyon. Revni nè sèvi pou kalkile revni nan travay endepandan.

Revni Okazyonèl oswa Tanzantan (Occasional or Episodic Income): Revni regilye ou pa touche nan yon entèval tan ki konsistan oswa ou espere. Djòb pou yon ti tan, travay sezonye, oswa djòb adaptasyon kapab se kèk egzanp travay regilye ki peye sou baz okazyonèl oswa tanzantan.

Revni (Income): Salè, salè pa èdtan, peman, oswa lòt lajan.



www.nyc.gov/housingconnect

Jwenn Lojman ki pa
Chè epi Aplike pou Li



[facebook.com/NYCHPD](https://www.facebook.com/NYCHPD)

[@nychousing](https://twitter.com/nychousing)

www.nyc.gov/housingconnect
www.nyc.gov/hpd

Ale sou sitwèb www.nyc.gov/housingconnect pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike sou entènèt.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Se pa yon aplikasyon pou lojman ki pa chè. Si ou ranpli dokiman sa a sa pa garanti w ap resevwa yon apatman ki pa chè.